Ringkasan Tauhid

Edisi Terbaru

Penyusun

KH. Sholeh Nasihin
Ust. Haromaen





معهد مفتاح الهدى الإسلامي
منونجايا تاسكملايا جاوى الغربية إندونيسيا

بسم الله الرحمن الرحيم

Ari aqidah anu wajib dima'rifatkeun kebagi tilu bagian :

1. Aqidah uluhiyyat nyaeta aqidah kapangeranan
2. Aqidah nabawiyyat nyaeta aqidah kanabian
3. Aqidah Sam'iyyat nyaeta aqidah anu kadangu tina al-qur'an sareng tina Al-hadits

BAGIAN KA 1 NYAETA AQIDAH ULUHIYYAT

Pasal kahiji nyaeta sifat anu wajib di Alloh

Ari sifat anu wajib di Alloh jumlahna seuseur pisan, dugika teu tiasa ka itung jumlahna, tapi anu ku urang wajib dikanyahokeun nyaeta sifat-sifat anu aya dalilna wungkul, anu dina jumlahna aya 3 pendapat :

Qaol ka I
Al-asy'ari
Muhaqiqin

Berpendapat

Salabiyah	5
Ma'ani	7
Jumlah	12

Qaol ka II
Abi bakrin al-baqilani
Harmaen arrozi
Qaol tahqiq

Berpendapat


Nafsiyah	1
Salabiyah	5
Ma'ani	7
Jumlah	13

Qaol ka III
Al-ma'turidi
Sanusi
Bajuri

Berpendapat

N afsiyah	1
Salabiyah	5
Ma'ani	7
Ma'nawiyah	7
Jumlah	20

Tapi supaya sakabeh pendapat ulama kabawa, maka urang cokot anu berpendapat 20 sifat, anu 20 sifat ieu kabagi 4 bagian :



Catetan :

sadayana sifat anu wajib di Alloh dikumpulkeun dina lapadz :

أشْهَدُ انْ لاَ إلهَ إلاّ الله .

Anu mana lamun ingar kana salasahijina tina sifat Alloh anu 20 ieu, maka batal syahadatna, maka batal kaislamannana (kafir)

Pasal ka 2 SIFAT NAFSIYYAH

Ari ta'rifna Sifat Nafsiyyah nyaeta :

هِيَ الحَالُ الوَاجِبَةُ لِلذَّاتِ مَادَامَتِ الذَّاتُ غَيْرُ مُعَلَّلٍ بِعِلَّةٍ

Hartosna : sifat anu tumetep dina hiji dzat, salagi eta dzat aya kalaytan henteu dielatan ku hiji elat.

1. Sifat Wujud Hartosna aya Alloh

Mustahilna Adam Hartosna teu aya Alloh

Dalil aqlina (aqal) : وُجُوْدُ هَذِهِ المَخْلُوْقَاتِ

Hartosna : ayana ieu pirang-pirang mahluk

Dalil Naqlina (Qur'an) : قُلْ مَنْ رَبُّ السَّموَاتِ وَالأرْضِ قُلِ اللهُ

Hartosna : Bejakeun ku anjeun Muhammad, saha anu ngurus pirang - pirang langit sareng bumi, jawab ku anjeun eta Alloh

Ari wujud eta kabagi 3 :

1. Wujud Idlofi : nyaeta ayana nyarande kanu sejen, sep erti ayana beurang karena ayana peuting
2. Wujud Aridi : nyaeta anu ayana dimimitian ku euweuh heula sapeti ayana ieu alam
3. Wujud Dzati : nyaeta anu ayana teu nyarande kanu sejen jeung ayana teu dimimitian ku euweuh heula saperti wujudna gusti Alloh

PASAL KA 3 : SIFAT SALABIYAH

II.Sifat Qidam Hartosna Alloh teu aya mimitina

Mustahilna : Hudus hartosna Alloh aya mimitina

- Dalil Aqlina (akal) : أنَّهُ لوْكَانَ حَادِثًا لاحْتَاجَ إلى مُحْدِثٍ وَهُوَ مُحَالٌ

Hartosna : lamun Alloh anyar, tangtu Alloh butuh kanu nganyarkeun, sedengakeun eta teh mustahil,

- Dalil Naqlina (Qur'an) : هُوَ الأوَّلُ وَالأخِرُوَالظَاهِرُ وَالبَاطِنِ

Hartosna : Ari Alloh eta anu awal teu aya kawitna, anu akhir teu aya tungtungna

- Sifat Qidam nyabut kana ma'qulat Mata
- Gunana sifat Qidam nyaeta : pikeun negaleungitkeun pertanyaan iraha ayana gusti Alloh.

Ari Qidam eta kabagi 3 :

1. Qidam Idlofi nyaeta : lilana disarandekeun kanu sejen, saperti lilana bapak kupedah disarandekeun ka anak
2. Qidam Zamani nyaeta : lilana hiji perkara kupedah geus lila waktuna, tapi dimimitian ku euweuh heula, saperti lilana alam dunya
3. Qidam Dzati nyaeta : lilana heunteu dimimitian ku euweuh heula jeung heunteu disarandekeun kanu sejen, saperti qidamna gusti Alloh

III. Sifat Baqo Hartosna Alloh heunteu aya tungtungna

Mustahilna : Fana Hartosna ruksak Alloh

- Dalil aqlina : أَنَّهُ لَوْكَانَ فَانِيًا لَكَانَ حَادِثًا وَهُوَ مُحَالٌ

Hartosna : lamun Alloh ruksak tangtu Alloh teh anyar, lamun Alloh anyar eta teh mustahil.

- Dalil naqlina : وَيَبْقَى وَجْهُ رَبِّكَ ذُو الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ

Hartosna : jeung moal aya tungtungna Dzat pangeran anjeunna anu kagungan kaagungan sareng kagungan kamulyaan

- Sifat Baqo nyabut kana ma'qulat mata
- Gunana sifat baqo nyaeta pikeun nyabut pertanyaan "iraha tungtungna gusti Alloh"

Ari Baqo eta kabagi 3 :

1. Baqo Nisbi nyaeta : kekalna hiji perkara kusabab disarandekeun kanu sejen, saperti kekalna beusi lamun disarandekeun kana kai
2. Baqo Zamani nyaeta : kekalna aya tungtungna tapi aya mimitina, saperti kekalna kafirin dinaraka
3. Baqo Hakeki nyaeta : kekalna teu aya kawitna jeung teu aya tungtungna, saperti kekalna gusti Alloh

Barang anu maujud ditingali tina segi baqo jeung qidamna kabagi tilu :

1. Anu qidam jeung baqo, nyaeta : Dzat Alloh
2. Anu qidam tapi heunteu baqo nyaeta : ma'dum qoblal wujud
3. Anu baqo tapi heunteu qidam, nyaeta anu 8 saperti surga, naraka, arasy, ruh, qolam, kursi, tulang cungcurungan, lauhilmahfudz

IV. Sifat Mukholafatu Lil Hawaditsi

Hartosna : Alloh heunteu sarua jeung nu anyar

Mustahilna : Mumatsalah Lil Hawaditsi Hartosna : Alloh saripa jeung sakabeh nu anyar

- Dalil aqlina : أَنَّهُ لَوْكَانَ مُمَاثِلاً لِلْحَوَادِثِ لَكَانَ حَادِثًا وَهُوَ مُحَالٌ

Hartosna : lamun Alloh sarupa jeung sakabeh nu anyar, tangtu Alloh anyar, sedengkeun eta teh mustahil.

- Dalil Naqlina : لَيْسَ كَمِثْلِهِ شَيْئٌ

Hartosna : heuteu aya hiji perkara oge anu saperti Alloh

- Sifat Mukholafatu Lil Hawaditsi nyabut kana Ma'kulat Kaefa
- Gunana sifat mukholafatu lil hawaditsi nyaeta : pikeun nyabut kana pertanyaan : "siga kumaha ari gusti Alloh"

V. Sifat Qiyamuhu Binnafsihi

Hartosna : Alloh heunteu mikabutuh kana tempat sareng Alloh heunteu butuh kanu ngayakeun.

Mustahilna : *Ihtiyaj*, Hartosna Alloh mikabutuh kana tempat sareng Alloh mikabutuh kanu ngayakeun.

- Dalil aqlina :

أَنَّهُ لَو احْتَاجَ إِلَى مَحَالٍ لَكَانَ صِفَةً وَهُوَ مُحَالٌ وَلَواحْتَاجَ إِلَى مُخَصِّصٍ لَكَانَ حَدِثًا وَهُوَمُحَالٌ

Hartosna :

Lamun Alloh mikabutuh kana tempat berarti Alloh teh sifat, lamun Alloh sifat eta teh mustahil, sabab moal aya sifat kan cikan ku sifat deui. Sareng lamun Alloh butuh kanu ngayakeun pasti Alloh teh anyar sadengkeun lamun Alloh anyar eta teh mustahil.

- Dalil Naqlina : اَللهُ لاَ إِلَهَ إِلاَّ هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّوْمُ

Hartosna : ari Alloh eta teu aya deui pangeran anging anjeunna anu hirup tur anu jumeneng kalawan dzatna.

- Sifat qiyamuhu binnafsi nyabut kana ma'qulat Aena
- Gunana sifat Qiyamuhu Binnafsihi nyaeta : pikeun nyabut kana pertanyaan : "eta dimana ari nempatna gusti Alloh"

VI. Sifat Wahdaniyyat

Hartosna : Alloh sahiji dina dzatna, sifatna, sareng sahiji dina padamelanana

Mustahilna : Ta'adud hartosna : Alloh bingbilangan dina dzatna, sifatna sareng dina padamelanana

- Dalil aqlina : أنَّهُ لَوْكَانَ مُتَعَدِّدًا لَمْ يُوْجَدْ شَيْئٌ مِنْ هَذِهِ الْمَخْلُوْقَاتِ

Hartosna : lamun Alloh bingbilangan maka moal aya ieu pirang - pirang mahluk

- Dalil Naqlina : ditingali tina wahdaniyyatna, sabab wahdaniyyat kabagi tilu :

1. - Wahdanniyat Fidzat Salab Kam Muttasil : hijina dzat Alloh lain meunang ngarangkepkeun tina juz anu bingbilangan
   - Wahdaniyyat Fidzat Salab Kam Munfasil hartosna : hijina dzat Alloh lain bagian tina anu loba

   Dalil naqlina : قُلْ هُوَ اللهُ اَحَدٌ

2. - Wahdaniyyat Fishifat Salab Kam Muttasil hartosna : tina hijina sifat Alloh teu aya rangkepanana
   - Wahdaniyyat Fishifat Salab Kam Munfasil hartosna : teu aya anu ngabogaan sifat kapangeranan salian ti dzat Alloh

   Dalil Naqlina : لَوْ كَانَ فِيْهِمَا اٰلِهَةٌ إلاَّ اللهُ لَفَسَدَتَا

3. Wahdaniyyat Fil Af'al Salab Kam Munfasil hartosna : teu aya anu ngabogaan tapak damel salian ti dzat Alloh

   Dalil Naqlina : وَاللهُ خَلَقَكُمْ وَمَا تَعْمَلُوْنَ

   - Sifat wahdaniyyat nyabut kana ma'qulat Kam
   - Gunana sifat wahdaniyat pikeun nyabut pertanyaan "aya sabaraha Alloh".

PASAL KA 4 : SIFAT MA'ANI

VII. Sifat Qudrot hartosna : Alloh kawasa kana ngayakeun sareng kana ngeuweuhkeun

Mustahilna : 'Ajzu Hartosna : Alloh apes

- Dalil Aqlina : أَنَّهُ لَوْكَانَ عَاجِزًا لَمْ يُوْجَدْ شَيْئٌ مِنْ هَذِهِ الْمَخْلُوْقَاتِ

Hartosna : lamun Alloh apes tangtu moal dipanggihan tina ieu pirang - pirang mahluk

- Dalil naqlina : وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْئٍ قَدِيْرٌ

Hartosna : saestuna Alloh kana sakabeh perkara eta anu kawasa

Catetan :

- ❑ Ari ngaran sifat Qudrot nyaeta : هِيَ صِفَةٌ قَدِيْمَةٌ قَائِمَةٌ بِذَاتِهِ تَعَالَى
  Hartosna : hiji sifat anu qodim (heubeul) anu qodim (tumetep) di Dzat Alloh
- ❑ Ari gunana sifat Qudrot nyaeta : pikeun إِيْجَادٌ – إِعْدَامْ (pikeun ngayakeun jeung ngeuweuhkeun)
- ❑ Ari sasaran sifat Qudrot nyaeta : kana barang anu mumkinul wujud (anu mumkin ayana) kulantaran kitu lapadz شَيْئٌ anu aya dina ayat وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْئٍ قَدِيْرٌ nyaeta barang anu mumkinul wujud.

VIII. Sifat Irodat hartosna : Alloh ngersakeun kana nangtukeun ayana hiji perkara jeung euweuhna

Mustahilna : Karohah, hartosna Alloh kapaksa kana nangtukeun ayana hiji perkara jeung euweuhna

- Dalil aqlina : أَنَّهُ لَوْكَانَ كَارِهًا لَكَانَا عَاجِزًا وَكَوْنُهُ عَاجِزٌ وَهُوَ مُحَالٌ

Hartosna : lamun Alloh kapaksa, tangtu Alloh apes, lamun Alloh apes eta teh mustahil

- Dalil naqlina : فَعَّالٌ لِمَا يُرِيْدُ atawa dauhan Alloh :

إِنَّمَا اَمْرُهُ إِذَا اَرَادَ شَيْئً اَنْ يَقُوْلَ لَهُ كُنْ فَيَكُوْنُ

Hartosna : pastina ari dauhan Alloh eta dimana ngamaksud kana hiji perkara maka Anjeu na eta ngadawuh kana eta perkara "kudu bukti anjeun", maka bukti eta perkara.

- Ari ngaran sifat Irodat nyaeta : هِيَ صِفَةٌ قَدِيْمَةٌ بِذَاتِهِ تَعَالَى
- Hartosna : hiji sifat anu heubeul anu tumetep di dzat Alloh
- Ari gunana sifat Irodat nyaeta : pikeun تَخَصُّصْ (nangtukeun)
- Ari sasaran sifat I rodat nyaeta : kana barang anu mumkinul wujud (anu mumkin ayana)

IX. Sifat Ilmu hartosna Alloh anu uninga

Mustahilna : Jahal, Hartosna Alloh anu bodo

- Dalil aqlina : أَنَّهُ لَوْكَانَ جَاهِلًا لَمْ يَكُنْ مُرِيْدًا وَهُوَ مُحَالٌ

Hartosna : lamun Alloh bodo tangtu Alloh heunteu kersa, sedeng eta teh mustahil

- Dalil naqlina : إِنَّ اللهَ بِكُلِّ شَيْئٍ عَلِيْمٌ atawa وَهُوَ بِكُلِّ شَيْئٍ عَلِيْمٌ

Hartosna : saestuna Alloh kana sagala perkara eta anu uninga

- Ari ngaran sifat elmu nyaeta : هِيَ صِفَةٌ قَدِيْمَةٌ قَائِمَةٌ بِذَاتِهِ تَعَالَى
  Hartosna : hiji sifat anu heubeul anu tumetep di dzat Alloh
- Ari gunana sifat elmu : pikeun إِنْكِشَفْ (mukakeun)
- Ari sasaran sifat elmu n yaeta kana barang anu mumki ayana, anu wajib, sareng anu mustahil ayana, kulantaran kitu maka lapdz شَيْئٌ anu aya dina ayat إِنَّ اللهَ بِكُلِّ شَيْئٍ عَلِيْمٌ atawa وَهُوَ بِكُلِّ شَيْئٍ عَلِيْمٌ eusina kana barang anu mumkin, wajib, sareng mustahil.

X. Sifat Hayat, Hartosna : Alloh anu hirup

Mustahilna maot, Hartosna : Alloh anu maot

- Dalil Aqlina : اَنَّهُ لَوْ كَانَ مَيِّتًا لَمْ يَكُنْ قَادِرًا وَلَا مُرِيْدًا وَلَا عَلِيْمًا وَهُوَ مُحَالٌ

Hartosna : lamun Alloh maot tangtu Alloh heunteu kawasa, heunteu kersa, sareng heunteu uninga, sedeng eta mustahil

- Dalil naqlina : اَللهُ لَا اِلَهَ إِلاَّ هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّوْمُ

Hartosna : ari Alloh eta heunteu aya deui pangeran anging Anjeun na anu hirup tur anu jumeneng kalawan dzatna

- Ari ngaran sifat hayat nyaeta
- Ari gunana sifat hayat nyaeta : pikeun تَصْحِيْح (ngesahkeun)
- Sifat hayat heunteu aya sasarannana, sakumaha ceuk qoidah :

وَوَاجِبٌ تَعْلِيْقُ ذِى الصِّفَاتِ # حَتْمًا دَوَامًا مَا عَدَاالْحَيَاتِ

Sifat ma'ani nu tujuh eta wajib # ta'aluqna lian hayat heunteu wajib

XI. Sifat Sama' hartosna : Alloh anu ngadangu

Mustahilna : Shomam, hartosna : Alloh anu torek

- Dalil Aqlina : lamun Alloh heintei kasifatan ku sifat Sama' tangtu Alloh kasifatan ku sifat kakurangan, sedeng eta mustahil
- Dalil Naqlina : وَهُوَ السَّمِيْعُ الْبَصِيْرُ

Hartosna : ari Alloh eta anu maha ngadangu sareng anu maha uninga

- Ari gunana sifat Sama' nyaeta : pikeun إِنْكِشَفْ (mukakeun sagala anu maujud)
- Ari sasaran sifat Sama' : kana barang anu maujudat
- Ceuk sapalih qaol mah, sifat sama' heunteu ngabogaan dalil Aqli

XII. Sifat Bashor, Hartosna : Alloh anu ningali

Mustahilna : A'ma Hartosna : Alloh anu lolong

Catetan : Ari dalilna, kagunaan, sareng sasaran sifat Bashor eta akur jeung sifat sama'

XIII. Sifat Kalam, Hartosna : Alloh anu ngadawuh/sasauran

Mustahilna : Abkama Hartosna : Alloh anu pireu

- Dalil Naqlina : وَكَلَّمَ اللهُ مُوْسَى تَكْلِيْمًا

Hartosna : sareng parantos sasauran Alloh ka Nabi musa, kalawan sasaran anu saestuna.

- Ari ngaran sifat kalam nyaeta : هِيَ صِفَةٌ قَدِيْمَةٌ قَائِمَةٌ بِذَاتِهِ تَعَالَى

- Ari gunana sifat Kalam nyaeta : pikeun دِلاَلَة (nuduhkeun sakabeh perkara)
- Ari sasaran sifat Kalam nyaeta : اَلأَشْيَاءُ (sakabeh perkara)
- Ari Kalam kabagi 2 :
  1. Kalam Dal hartosna : kalam anu aya hurupan, soraan, sareng tulisan
  2. Kalam Madlul hartosna : kalam anu heunteu aya hurupan, soraan, sareng tulisan tegesna kalamna Gusti Alloh

PASAL KA 5 : SIFAT MA'NAWIYAH

Sifat ma'nawiyah nyaeta : hiji istilah anu timbul tina ayana sifat ma'ani jeung lazim/pasti ayana, tegesna lamun aya sifat ma'ani pasti aya sifat ma'nawiyah, nyakitu deui lamun aya sifat ma'na wiyah tangtu aya sifat ma'ani.

Maka sifat ma'nawiyah sok disebut sifat ma'dumiyah (anu bangsa euweuh) sabab ngan istilah wungkul. Ngan ayana di Dzat Alloh eta mah Talazum (pasti) beda jeung sifat di mahluq, kudu nunggu ayana pihak katilu. Kulantaran ayana sifat ma'nawiyah ngan istilah lazim tina ma'ani maka jumlahna, dalil-dalilna sareng kagunaanana eta akur jeung sifat ma'ani.

PASAL KA 6 : SIFAT JAIZ (WENANG) DI ALLOH

Sifat anu wenang di Alloh jumlahna ngan aya hiji, nyaeta : **Fi'lu Kulli mumkinin.**

Ari patokan sifat jaiz di Alloh nyaeta : اَلَّذِى يَتَصَوَّرُ فِى الْعَقْلِ وُجُوْدُهُ وَعَدَمُهُ

Hartosna nyaeta : sifat anu kaharti ku akal ayana jeung euweuhna, tegesna kaharti ku akal ayana sifat jaiz di Alloh, jeung kaharti ku akal euweuhna sifat jaiz di Alloh.

Eusina sifat jaiz di Alloh nyaeta : فَعَّالٌ لِمَا يُرِيْدُ

Hartosna : Alloh midamel kana sakersa Anjeuna

- Dalil Aqlina :

اَنَّهُ لَوْوَجَبَ عَلَيْهِ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى فِعْلُ كُلِّ مُمْكِنٍ اَوْ تَرْكُهُ لَصَارَى الْجَائِزُ وَاجِبًا اَوْ مُسْتَحِيْلاً وَهُوَ مُحَالٌ

Hartosna : lamun wajib ka Alloh midamel barang anu mumkin, maka pasti bakal terjadi eta barang anu mumkin teh ngajadi barang anu wajib jeung mustahil, sedeng eta mustahil.

- Dalil Naqlina : اِنْ يَشَأْ يُذْهِبْكُمْ وَيَأْتِ بِخَلْقٍ جَدِيْدٍ

Hartosna : lamun Alloh ngersakeun pikeun ngaleungitkeun aranjeun, maka pasti Alloh bakal ngaleungitkeun aranjeun jeung bakal ngadatangkeun mahluk anu anyar.

AQIDAH NABAWIYAT

PASAL KA 7 : SIFAT ANU WAJIB DI RUSUL

Artina Aqidah Nabawiyat nyaeta aqidah kanabian, tegesna sifat -sifat para Rosul Alloh anu wajib di i'tikadkeun ayana ku sakabeh jalma mukalaf.

Jumlahna aqidah nabawiyat aya 4 :

I. Sifat Shidiq, hartosna : para Rosul kabeh bener

Mustahilna : kidzib Hartosna :para Rosul kabeh bohong

- Dalil aqlina : اَنَّهُمْ لَوْ كَذَبُوْا لَكَانَ خَبَرُ اللهِ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى كَاذِبًا وَهُوَ مُحَالٌ

Hartosna : lamun para Rosul bahong pasti dawuhan ti Alloh kabeh bohong, sedengkeun eta teh mustahil

- Dalil naqlina :

وَلَمَّا رَاٰى الْمُؤْمِنُوْنَ الأَحْزَابَ قَالُوْ هَذَا مَا وَعَدَنَا اللهُ وَرَسُوْلُهُ وَصَدَقَ اللهُ وَرَسُوْلُهُ وَمَا زَادُوْهُمْ إِلاَّ اِيْمَانًا وَتَسْلِيْمًا

Hartosna : jeung samangsa-mangsa jalma mukmin ningali ka balatentara bantuan ti Alloh aranjeunna sasauran "ari ieu anu di jangjikeun ku Al loh jeung Rosulna sareng bener Alloh sareng Rosulna" sareng heunteu nambahan ata balatentara ka aranjeunna kajaba tambah-tambah kaimanan jeung tambah-tambah kaislaman.

II. Sifat Amanah hartosna : para Rosul kapercaya

Mustahilna : Khiyanat hartosna : para Rosul cidra

- Dalil Aqlina :

اَنَّهُمْ لَوْ خَانُوْا بِفِعْلِ مُحَرَّمٍ اَوْ مَكْرُوْهٍ لَكُنَّا مَأْمُوْرِيْنَ بِمِثْلِ ذَالِكَ وَلاَ يَصِحُّ اَنْ نُؤْمَرَ بِفِعْلِ مُحَرَّمٍ اَوْ مَكْرُوْهٍ

Hartosna : lamun para rosul cidra kalawan migawe anu diharamkeun jeung anu dimakruhkeun, maka pasti urang sadaya diparentah kana midamel eta anu haram jeung anu makruh, sedengkeun eta heunteu sah (mustahil)

.Dalil Naqlina : لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِي رَسُوْلِ اللهِ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ

III. Sifat Tabligh hartosna : para Rosul nepikeun kana sagala anu di piwarang ku Alloh ditepikeunana kasadaya umatna.

Mustahilna : Kitman hartosna : para Rosul sok nyumputkeun kana anu diparentah pieun ditepikeunana.

- Dalil Aqlina :

اَنَّهُمْ لَوْ كَتَمُوْا شَيْئًا مِمَّا اُمِرُوْا بِتَبْلِيْغِهِ لَكُنَّا مَأْمُوْرِيْنَ بِكِتْمَانِ الْعِلْمِ وَلاَ يَصِحُّ اَنْ نُؤْمَرَ بِهِ لأَنَّ كَاتِمَ الْعِلْمِ مَلْعُوْنٌ

Hartosna : lamun para rosul nyumputkeun kana hiji perkara tina anu diparentah pikeun ditepikeunana, maka pasti bukti urang sadaya

diparentah pikeun nyumputkeun ilmu, sedengkeun eta mustahil, sabab ari nyumputkeun elmu eta dila'nat ku Alloh

- Dalil Naqlina : بَلِّغُوْا عَنِّى وَلَوْ اٰيَةً

Hartosna : kudu nepikeun maraneh kabeh beja ti kami sok sanajan saayat

IV. Sifat Fathonah hartosna : para Rosul kabeh pinter ngadegkeun hujjah sahingga ngelehkeun sadaya musuhna

Mustahilna : Biladah hartosna : para Rosul kabeh belet/ bodo tina ngadegkeun hujjah pikeun ngelehkeun musuhna.

- Dalil Aqlina :

اَنَّهُ لَوِ انْتَفَتْ عَنْهُمُ الْفَطَانَةُ لَمَّا قَدَرُوْا اَنْ يُقِيْمُوْا حُجَّةً عَلَى الْخَصْمِ وَهُوَ مُحَالٌ

Hartosna : lamun para rosul heunteu pinter, maka pasti moal tiasa ngadegkeun dalil/hujjah pikeun ngelehkeun musuhna, sedengkeun eta mustahil sababa Al-qur'an tos nuduhkeun dina sababaraha ayat yen para rosul mampu ngadegkeun dalil/ hujjah pikeun ngelehkeun musuhna

Dalil Naqlina : وَتِلْكَ حُجَّتُنَا اٰتَيْنَاهَا اِبْرَاهِيْمَ عَلَى قَوْمِهِ

Hartosna : sareng ari itu hujjah, eta hujjah ti Kami (Alloh) anu dipasihkeun ku Kami ka Nabi Ibrohim ngelehkeun kaom-kaomna

PASAL KA8 : SIFAT WENANG DIPARA ROSUL

Ari sifat nu wenang di para Rosul eta aya hiji nyaeta : sifat A'rodul Basyariyah hartosna : sifat -sifat anu bangsa kamanusiaan anu heunteu matak ngurangan kana martabatna para Rosul anu luhur

- Dalil Aqlina : مُشَاهَدَتُنَا عَلَيْهِمُ الصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ

Hartosna : para Rosul parantos kasaksi kasifatan ku sifat - sifat kamanusiaan (Rosul sok tuang, sok ngaleueut, dll)

- Dalil Naqlina : قُلْ اِنَّمَا اَنَا بَشَرٌ مِثْلُكُمْ يُوْحَى اِلَيَّ اَنَّمَا اِلٰهُكُمْ اِلٰهٌ وَاحِدٌ

Hartosna : bejakeun ku Anjeun Muhammad pastina ari kami eta manusa biasa saperti aranjeun, tapi kami dibere wahyu...

AQIDAH SAM'IYYAT

Artina Aqidah Sam'iyyat nyaeta : perkara anu didangu tina Al-Qur'an sareng Al-Hadits. Atuh Aqidah Sam'iyyat teh perkara anu wajib di ma'rifatkeun saeng di i'tidkadkeun ku urang sadayana

Hukum syara' ngawajibkeun ka sakabeh jalma mukalaf (baleg tur boga akal) nyaeta kudu ngai'tikadkeun kana Aqidah Sam'iyyat kalayan akibat/resiko diganjar tur sah imanna lamun nekadkeun kana ayana Aqidah Sam'iyyat, disiksa tur heunteu sah imanna lamun teu nekadkeun kana ayana Aqidah Sam'iyyat. Anu jumlah sadayana aya 20:

1. Ayana alam barzah
2. Ayana pertanyaan munkar nakir
3. Ayana ni'mat alam barzah
4. Ayana siksa alam barzah
5. Ayana hudang ti pakuburan
6. Ayana alam mahsyar
7. Ayana syafa'atul Udzma
8. Ayana hisaban
9. Ayana mizan (timbangan amal)
10. Ayana nyukang dina shirotol mustaqim
11. Ayana siksa naraka
12. Ayana langgeng dina naraka
13. Ayana surga
14. Ayana ni'mat surga
15. Ayana langgeng dina surga
16. Ayana langgengna tulang cungcurungan
17. Ayana haodl
18. Ayana maoqif
19. Ayana talaga kautsar
20. Ayana qiyamat

Ari aqoidul ima sadayana ya 50 sareng ari Aqidah Sam'iyyat sadayana aya 20, jadi sadayana anu wajib dima'rifatkeun sareng di I'tikadkeun jumlahna aya 70, anu sadayana dikumpulkeum dina dua kalimah syahadat.

Ari Aqidah Uluhiyat dikumpulkeun dina lapadz : اَشْهَدُ اَنْ لاَ اِلَهَ اللهُ

Ari Aqidah Nabawiyyat sareng Aqidah Sam'iyyat dikumpulkeun dina lapadz : اشهد ان محمّدا اَشْهَدُ اَنْ مُحَمَّدًا رَسُوْلُ اللهِ

Lamun urang ingkar (teu percaya) kana salasahiji tina nu 70 maka batal syahadatna, lamun batal syahadatna, maka batal kaislamanana, lamun batal kaislamanana maka lain jalma islam alias kafir/murtad "نعوذ بالله من ذالك"

KASIMPULAN

NO.	SIFAT ANU WAJIB DI ALLOH	SIFAT ANU MUSTAHILNA
1	Wujud	'Adam
2	Qidam	Huduts
3	Baqo'	Fana
4	Mukholafatul lil hawaditsi	Mumatsalah lil hawaditsi
5	Qiyamuhu binnafsihi	Ihtiyaj
6	Wahdaniyyat	Ta'adud
7	Qudrot	'Ajzu
8	Irodat	Karohah
9	Ilmu	Jahal
10	Hayat	Maot
11	Sama'	Shomam
12	Bashor	Umyun
13	Kalam	Bukmun
14	Qodiron	'Ajizan

15	Muridan	Karihan
16	'Aliman	Jahilan
17	Hayyan	Mayyitan
18	Sami'an	'Ashoma
19	Bashiron	A'ma
20	Mutakalliman	Abkama

NO.	SIFAT ANU WAJIB DI ROSUL	SIFAT MUSTAHILNA
1	Shidiq	Kidzib
2	Amanah	Khiyanat
3	Tabligh	Kitman
4	Fathonah	Biladah

NAMI-NAMI NABI ANU WAJIB DIKANYAHOKEUN SADAYANA AYA 25

1. Nabi adam.AS
2. Nabi idris.AS
3. Nabi nuh.AS
4. Nabi hud.AS
5. Nabi sholeh.AS
6. Nabi ibrohim.AS
7. Nabi luth.AS
8. Nabi ismail.AS
9. Nabi ishaq.AS
10. Nabi yakub.AS
11. Nabi yusuf.AS
12. Nabi ayub.AS
13. Nabi dzulkifli.AS
14. Nabi syu'aib.AS
15. Nabi musa.AS
16. Nabi harun.AS
17. Nabi daud.AS
18. Nabi sulaiman.AS
19. Nabi ilyas.AS
20. Nabi ilyasa.AS
21. Nabi isa.AS
22. Nabi yunus.AS
23. Nabi zakarya.AS
24. Nabi yahya.AS
25. Nabi muhammad. SAW

MALAIKAT SARENG TUGASNA ANU WAJIB DIUNINGAKEUN:

1. Malaikat jibril tugasna nurunkeun wahyu
2. Malaikat mikail tugasna nurunkeu hujan/rizki
3. Malaikat isrofil tugasna niup songsong dina poe qiyamah
4. Malaikat izroil tugasna nyabut nyawa
5. Malaikat munkar tugasna nanyaan di jero kubur
6. Malaikat nakir tugasna nanyaan di jero kubur
7. Malaikat rokib tugasna nuliskeun amal hade
8. Malaikat atid tugasna nuliskeun amal goreng
9. Malaikat malik tugasna ngajaga pintu naraka
10. Malaikat ridwan tugasna ngajaga pintu sawarga

KITAB ANU WAJIB DIUNINGAKEUN

1. Kitab Taurot diturunkeun ka Nabi musa AS
2. Kitab Jabur diturunkeun ka Nabi Daud AS
3. Kitab Injil ditirunkeun ka Nabi Isa AS
4. Kitab Al-Qur'an diturunkeun ka Nabi Muhammad SAW

Penyusun,
KH. Sholeh Nasihin
Ust. Haromaen
(085 223 456 444)

Editor,
hiazdgroup